



Building Bridges for today's students to cross into tomorrow's world with equity, innovation and optimism

Administration Building • 13A Dickinson Ave • Nyack, NY 10960

Pout tout Paran e Gadyen Elèv nan klas Nevyèm pou ane Eskolè 2018-2019

Nan ane eskolè sa a nou pral lanse yon nouvo inisyativ dirèk pou amelyore aprantisaj elèv yo kote lekòl la ap bay chak elèv ki pral rantre nan premye ane high school aksè 24è sou 7 jou yon aparèy pou ede yo o nivo edikasyon. Chak elèv ap resevwa nan jounen 28 out lè yo vini pou oryantasyon, yon òdinatè Dell mak Latitude 3390 ak yon sak pou twoteje l.

Bi inisyativ sa se pou bay elèv yo aksè nan yon varyete resous e pou bay sipò nan aprantisaj nan distri a.

Distri a ap prete elèv yo yon òdinatè pòtab jiskaseke yo gradye oswa yo kite Distri a pou nenpòt rezon. Sa depann kilès nan evènman sa yo ki rive anvan. Se nan men yon konpayi asirans Distri a mete ansanm pou ofri paran/gadyen opòtinite pou achte asirans pwòp pa yo si ou vle kouvri domaj, vòl òdinatè a pandan elèv la prete l. Enfòmasyon pou asirans la ap nan sit Entènèt lekòl la.

Avèti Distri a imedyatman si yo vòlè òdinatè pòtab la, si l pèdi ou gate. Elèv/paran/gadyen reponsab pou kouvri depans pou repare oswa ranplase òdinatè an, sòf si paran/gadyen an jistifye yon reklamasyon valab ak asirans pwòp pa yo, nan ka sa, elèv/paran/gadyen ap responsab pou peye pòsyon pa yo anvan asirans pwòp pa yo mete pòsyon l.

Distri ap fè elèv ak paran/gadyen la peye pou òdinatè pòtab la si yo pa retounen l nan 30 jou lè elèv la kite distri a oswa lè li gradye. Ankò sa depann kisa ki rive anvan.

Tanpri revize, siyen e bay pitit ou fòm konsantman pou resevwa òdinatè pòtab la nan jounen nap fè oryantasyon pou elèv premye ane high school yo nan jounen 28 out, 2018. Nou gen pou diskite ak elèv yo règleman ak responsabilite jou oryantasyon an. Anplis, nou mande paran/gadye tanpri pran yon ti tan pou diskite reponsabilite yo dwe genyenlè aparèy sa nan men yo.

Mèsi pou kowòperasyon w

Sipèentandan/Chèf Lekòl yo

Lekòl Piblik Nayayk

Kontra Pou Itilize Òdinatè Pòtab Lekòl la

Nan kontra sa, nap jwen règleman ak kondisyon pou elèv kap itilize òdinatè pòtabyo ki se pwopriyete lekòl la. Paran/Gadyen/Elèv dwe siyen kontra sa e lekòl la ap kenbe dokiman sa nan biwo Depatman Teknoloji a. Lekòl la va voye yon kopi pou paran/Gadyen si yo mande l.

Chak elèv ap resewa yon (1) òdinatè pòtab, yon kab pou mete chaj ak yon kouvèti. Elèv yo responsab pou kenbe tout aparèy sa yo an sekirite e an bon kondisyon.

Distri a ap prete elèv yo òdinatè yo jiskaseke elèv yo gradye oswa kite Distri an pou nenpòt rezon. Distri a mete tèt ansam ak yon konpayi asirans pou ofri paran/gadyen opòtinite pou achte asirans pwòp pa yo si yo vle kouvri domaj, vòl pandan òdinatè pòtab la nan men pitit yo. Enfòmasyon sou asirans sa ap nan sit entènèt distri a.

Avèti Distri a imedyatman si òdinatè pòtab la gate, yo vole l, oswa li pedi. Elèv/paran/gadyen responsab pou tout depans pou repare ou ranplase òdinatè pòtab la, sòf si, (a) elèv/paran/gadyen an jistifye yon reklamasyon imedya valab ak asirans pwòp yo (b) e si domaj, vol ou pèt sa yo kouvri anba kondisyon asirans la, nan ka sa, elèv/gadyen/paran an responsab pou peye pòsyon depans payo anvan asirans la peye pòsyon pa l.

Tout pandan òdinatè pòtab la nan men elèv la, kenbe nan tèt nou, se pwopriyete Distri Lekòl la li ye. Elèv la dwe retounen òdinatè pòtab la nan menm kondisyon (byen ke gen dwa genyen kèk ti mak sou li) yo te bay li. Si elèv la pa retounen òdinatè pòtab la bay lekòl la nan 30 jou aprè li gradye oswa kite lekòl la, Distri a ap chaje nou pou ranplase l.

Kondisyon Pou Elèv yo

1. Elèv la gen pou swiv règleman Distri a pou itilize teknoloji (Règleman akeptab Distri a pou itilize Teknoloji, AUP) . Se yon vyolasyon/enfraksyon li ye si elèv la itilize òdinatè pòtab la pou lòt rezon ki pa gen pou wè ak edikasyon. Elèv la ka pèdi privilèj pou itilize òdinatè pòtab la oswa Distri a gen dwa disipline l si li pa swiv règleman yo. **Anba a, nap jwenn kisa Distri a entèdi lè nap itilize òdinatè pòtab :**
 - a. Aksè konteni pònografik oswa langaj sal.
 - b. Telechaje, voye langaj/foto ki pa apwopriye.
 - c. Itilizasyon ilegal oswa, voye bay materyèl ki gen dwadotè nan òdinatè lekòl la.
 - d. Pataje modpas a lòt moun pou nenpòt rezon, anmwenske se yon pwofesè oswa yon anplwaye lekòl la.
 - e. Elèv pa gen dwa retire okenn aplikasyon ki bloke yo, kontwòl paran oswa lòt aplikasyon pou siveyans ki nan sistèm òdinatè pòtab la.
 - f. Tout lojisyèl ki nan òdinatè pòtab la se pou elèv la itilize sèlman nan konjonksyon ak ekipman Distri a otorize nan kontra a.
2. Elèv yo sipoze itilize òdinatè pòtab yo la pou fè travay lekòl sèlman. Elèv yo pa dwe mete, modifiye oswa efase aplikasyon yo nan sistèm aparèy la anmwenske se yon pwofesè oswa yon anplwaye

lekòl la ki dirije yo pou fè sa. Se responsabilite chak elèv pou asire yo pa pran twòp memwa nan òdinatè a ki pap pèmèt yo fè travay lekòl yo.

3. Pa janm kite òdinatè a san siveyans. Si yo jwenn li poukont li nan lekòl la, nap mete li nan Biwo Depatman Teknoloji a.
4. Lè nou pap itilize òdinatè pòtab la, mete li an sekirite, klete li yon kote.
5. Pa janm kite òdinatè a nan tanperati ekstrèm, sa vle di, tanperati ki twò cho oswa nan solèy. Yon machin se pa yon bon chwa pou kite òdinatè a.
6. Elèv yo dwe evite bwè, manje oswa itilize likid pre òdinatè pòtab la. Si w bezwen netwaye li, sèvi ak yon ti sèvyèt mouye lejèman ki pap kite fil. Elèv yo pa dwe kite òdinatè an nan imidite anpatikilye, klavye, batri. Nan okenn sikonstans elèv yo dwe itilize pwodwi pou netwoye kay, alkòl, ammonia, likid ki ka pran dife, paydefè pou netwaye òdinatè a.
7. Evite ilitze bagay pwenti pre òdinatè pòtab la.
8. Kite òdinatè an nan sak ki pwoteje l lè nou pap itilize l.
9. Evite mete bagay lou sou òdinatè a.
10. Pa janm voye òdinatè a anlè oswa glise li.
11. Sonje byen òdinatè a vini ak kab e lòt bagay siplemantè. Fè atansyon lè nap ploge oswa deploge yo.
12. Distri a gen kapasite pou konnen ki kote chak òdinatè ye a nenpòt moman. Gen yon sistèm ladan l pou pèmèt nou wè kote li ye e nou dwe kite aplikasyon sa an mach toutan. Elèv yo pa gen otirizasyon pou modifye, retire oswa deyaktivite aplikasyon pou pèmèt jwenn òdinatè a. Se yon vyolasyon kont règleman Distri a sa ye, aksyon sa gen dwa fè Distri a revoke dwa elèv la pou itilize òdinatè a.
13. Tanpri, nap raple nou ke tout òdinatè yo gen yon nimewo inik pou idantifye li e elèv yo pa sipoze retire, efase oswa modifye chif oswa mak òdinatè a.
14. Pa prete pèsonn òdinatè a. Nou asiyen chak elèv yon òdinatè pòtab e se responsabilite chak endividi pou pran swen òdinatè pòtab la. Nou pa dwe pote òdinatè lòt elèv non pli.
15. Elèv yo responsab pou pwòp òdinatè pa yo. Tanpri konprann byen ke òdinatè a se yon aparèy elektwonik e nou dwe pran swen l lè nap itilize li. Toujou pote òdinatè a lè li fèmen. Ja janm voye yon sak lekòl anlè lè òdinatè a ladan l. Pa mete òdinatè a nan sak lekòl ki gen manje, likid, bagay lou oswa bagay pwenti.
16. Toujou asire òdinatè a gen chaj chak jou nan kòmansman jou lekòl yo. Chaje òdinatè a lakay nou.
17. Mete òdinatè a sou yon plas solid pandan toutan nan itilize l.
18. Elèv yo dwe swiv tout enstriksyon/ direksyon pwofèsè yo bay konsènan jan pou itilize òdinatè a an klas yo.
19. Distri a gen dwa pou tcheke òdinatè yo a nenpòt moman pou asire elèv yo pap itilize yo yon fason ki pa apworiye. Distri a gen dwa konfiske, fouye òdinatè a nenpòt moman paske se pwopriyete Distri òdinatè yo ye.

NÒT POU PARAN: Yon fwa elèv la pote òdinatè a lakay l, li gen aksè nan sit entènèt yo. Elèv yo dwe respekte Règleman Distri a konsènan itilizasyon òdinatè a menm si yo lakay yo. Daprè règleman Distri a (District's Acceptable Use Policy), elèv yo pa gen dwa ale nan sit ki pa genyen okenn rapò ak edikasyon oubyen sijè edikasyon. Malgre filt distri a ap aktif menm lè elèv la lakay li, se responsabilite paran an pou siveye aseke pitit li itilize òdinatè a yon fason apwopriye.

Siyati Konsantman Kontra a

Mwen li tout detay konsènan akò pou itilize òdinatè pòtab la ak Règleman Distri a e mwen dakò pou respekte tout tèm ak kondisyon anwo yo.

Siyati Elèv	Dat
-------------	-----

Siyati Parent	Dat
---------------	-----